# БАСЛАЎЫШ КЛАСС, МЕКТЕПКЕ ШЕКЕМГИ ТӘРБИЯ

## OQIW TAPSIRMALARI ARQALI BASLAWISH KLASS OQIWSHILARINIŃ AWIZEKI SÓYLEW KÓNLIKPELERIN QÁLIPLESTIRIW METODIKASI ( TÁLIM QARAQALPAQ TILINDE ALIP BARILATUĞIN MEKTEPLER MISALINDA )

***Baltabaeva B.***
*Nókis rayonı 26-sanlı mektep baslawısh klass oqıtıwshısı*

**Tayanch so'zlar:** kommunikativ, interaktiv, pertseptiv, aloqa, визуаль.
**Ключевые слова:** коммуникатив, интерактив, пертсептив, коммуникации, визуаль.
**Key words:** communicative, interactive, perceptive, communications, visual.

**РЕЗЮМЕ:**
Nutq madaniyati, shu jumladan suhbat madaniyati, uning zamonaviy tushunchasida, adabiy til me'yorlarini egallashni nazarda tutadi, bu muloqot holatiga qarab til birligini tanlash qobiliyatini, kommunikativ maqsadlarga erishish uchun til vositalarini tanlash qobiliyatini o'z ichiga oladi. shuningdek, muloqot etikasiga rioya qilish. Nutq madaniyatining muhim vositasi tilning funksional turlarini farqlay olish va ularning har qandayidan erkin foydalanish qobiliyatidir.
**РЕЗЮМЕ:**
Культура речи, и разговорной в том числе, в современном её понимании предполагает владение нормами литературного языка, куда входит умение осуществлять выбор языковой единицы в зависимости от ситуации общения, умение отбирать языковые средства для достижения коммуникативных целей, а также соблюдение этики общения. Важным средством речевой культуры является способность различать функциональные разновидности языка, свободно пользоваться любым из них.
**SUMMARY:**
The culture of speech, including colloquial, in its modern sense, implies the possession of the norms of the literary language, which includes the ability to choose a language unit depending on the situation of communication, the ability to select language means to achieve communication goals, as well as the observance of the ethics of communication. An important means of speech culture is the ability to distinguish between functional varieties of language, to freely use any of them.

Qarım-qatnas mádeniyatın shólkemlestiriwde bul eki yamasa onnan da kóp insanlar arasındağı affektiv bahalawshı xarakterde hám biliw boyınsha maǵlıwmat almasıwdan ibarat bolǵan óz-ara tásir etiw.Qarım-qatnas diziminde óz-ara bir-birine baylanıslı tárepleri ajıratıladı: kommunikativ, interaktiv hám perceptiv.Qarım-qatnastıń kommunikativ tárepi bul–qarım-qatnastaǵı

individlerdiń óz-ara maǵlıwmat almasıwı. Qarım-qatnastıń interaktiv tárepi bul-individual qarım-qatnasta tek bilim hám ideyalar, ol háreketler boyınsha da óz-ara tásirin shólkemlestiriwden ibarat. Qarım-qatnastıń perceptiv tárepi qarım-qatnas procesinde óz-ara bir-birin qabıl etiw arqalı tu`siniw.

1. Qarım-qatnas maǵlıwmat almasıw sıpatında (Qarım-qatnastıń kommunikativ tárepi).Hár qanday maǵlıwmattı belgiler, sonday-aq belgiler dizimi arqalı biliw mu`mkin.

2. Qarım-qatnas maǵlıwmat almasıw sıpatında.

Kommunikativ proceste qollanılatuǵın bir neshe belgiler dizimi bar. Bular verbal kommunikatsiya (sóylew arqalı) hám noverbal (sóylew menen baylanısta bolmaytuǵın belgiler arqalı) kommunikaciya.Verbal kommunikaciyada adam sóylew belgileri dizimi sıpatında qollanıladı. Sóylew insan tárepinen qollanılatuǵın dawıslar signalları yamasa jazba belgilerden ibarat bolıp, olar arqalı qarım-qatnastan alınǵan maǵlıwmat qayta islenedi, saqlanadı hám jetkerip beriledi. Ol proces til arqalı ámelge asırıladı. Til sóz belgileri dizimi bolıp, ol qarım-qatnas procesinde psixikalıq xızmet jemisi bolıp júzege keledi.[ Qo‘ng‘urov 3.]

Sóylew mádeniyatı-universal kommunikaciya baylanısı bolıp, ol arqalı jiberiliwi tiyis bolǵan maǵlıwmat, óziniń logikalıq mánisin saqlap qaladı. Sóylewdiń úsh toparı bar:

Signifikativ (ulıwmalastırıw pikirdi jiberiw): emociyalardı jiberiw hámde qabıl etiwge zor beriw (adamlarǵa tásir kórsete alıw).

Sóylewdiń payda bolıw hám ámelde qollanılıwın tómendegi sxemada kóriw múmkin.

Sóylewdi ideyanın`, pikirdiń qabıl etiw, tuwılıwı  hám onıń sózge pikirge aylanıwı.[ Alimuhamedov2.]

Sóylewdiń ózine tán túrleri bar sırtqı, ishki awızeki, jazba, monologiyalıq, diaologiyalıq, aktiv-passiv hám basqa da kommunikativlik proceste óz-ara múnásibetke kirisiwshilerdi bir-birin túsiniwleri júdá zárúr. Italiyalıqlar hám francuzlar óz qarım-qatnasların jestlersiz kóz aldına keltire almaydı. Bizlerde sóylewde jestlerden kóp paydalanıw jaqsı ádet sıpatında qabıl etilmeydi. Biraq sonı da aytıp ótiw kerek, noverbal kommunikaciya awızeki sóylewde aytılmay qalǵan pikirlerdi sáwlelendiriw imkániyatın beredi. Qarım-qatnas procesinde qarım-qatnasqa kirisiwshilerdiń bir-birlerine qarama qarsı jaylasıwlarıda zárúr áhmiyetke iye. [ Alimuhamedov2.]

Mısalı, auditoriyada jaylasıw qarım-qatnas ushın qolaysız. Ásirese seminar procesinde oqıtıwshı hám bayanatshı qarım-qatnas jasaw imkaniyatina iye emes. Seminarlardı yamasa usı sıyaqlı sáwbetlerdi «T» formasında jaylastırılǵan stol-stullarda ótkeriwde paydalı, biraq domalaq formada jaylastırılǵan stol-stullarda qarım-qatnaslar júdá nátiyjeli. Vizual qarım-qatnasta «kóz kontaktı» belgiler

sisteması da qollanıladı. Usı sistema pedagoglardıń is xızmetinde zárúr áhmiyetke iye. Qızıqlı belgiler dizimi sıpatında qarım-qatnas procesinde gúl,fotosúwret hám basqalardiń paydalanılıwı múmkin.Gúller arqalı adamlar málim bir maǵlıwmattı jiberiw imkaniyatına iye. Bul jaǵday óz tariyxina iye.Gúller tili qádimde shıǵısta payda bolǵan. Onı hayallar jaratqan. Óz júzlerin ashıw imkaniyatına iye bolmaǵan hayallar, óz emociyaların hám keyiplerin gúller arqalı kórsetiwge háreket etken. Qarım-qatnas usı xarakteristikası adamnıń óz-ara is-háreketleri birgeliktegi xızmetleri menen xarakterlenedi.Adamlardıń óz-ara xızmeti hám qarım-qatnası social baqlaw tiykarında júzege kelip, ol social normalarǵa súyenedi. Social baqlaw óz-ara háreket procesinde qarım-qatnasqa kirisiwshilerdiń málim rollerin sáwlelep beriwde kórinedi.Qarım-qatnas minez-qulıqtıń normativ qollanılatuǵın usılı bolıp, ol hár bir adamnıń jámiyettegi ornınan kelip shıǵadı.[ Mahmudov .1]

Konkurenciya (báseki eki hám onnan da kóp bolǵan birgelikte háreketlenip atırǵanlardıń jaǵdayı bolsa onda bir maqsetti qollap atırǵan, bir-birin qarama qarsı háreketlenip atırǵanlar kózde tutıladı. Bunda óz-ara háreket procesiniń buzılıwı adamlar arasındaǵı múnásibetlerde kelispewshliklerdi) júzege keltiredi. Qarama-qarsılıqtı júzege keltiriwshi faktorǵa (túrli qaras motiv) mazmunǵa (issheń yamasa shaxsıy) effektke (tásir) qarap túrlishe bolıwı múmkin.Kelispewshilikti joǵaltıw múnásibetlerdiń rawajlanıw jaǵdayı bolıp, adam bul xarakteri boyınsha kelisimsiz emes, ol kelispewshilikke tayar bolıwı kerek. Adam kelispewshilikti durıs qabıl etiw hám oǵan ashıq júz benen shıǵıw kerek. Qarama-qarsı jaǵdaylardında ózine tán tárbiyalı áhmiyeti bar. Kóp jaǵdaylarda adamlardı bir-birine qabıl etiwi «social percepciya» sıpatında kórinedi. Biraq, qarım-qatnastıń usı tárepi haqqında gáp ketkende social percepciya haqqında ǵana emes, al adamlar arasındaǵı percepciya haqqında aytıp ótiw kerek. Adamnıń adam tárepinen qabıl etiliwinde eń keminde eki shaxsqa qaratılǵan bolıwı tiyis bolıp olardıń ekewi de aktiv subiekt. Demek óz-ara qabıl etiw procesinde eki tárep te bir-biriniń mútájlikleri motivleri hám jónelislerin biliwleri hám ózlerin qarama-qarsı tárep ornına qoya alıwları kerek. Ózin basqa adam tárepinen tekseriwdi óz ishine identifikaciya hám reflekciyanı kiritedi. [Rustamov 4.]

Adamlarda qarım-qatnas procesinde meni qalay túsiner eken? degen sorawda bar bolıp, bunnan óz-ara háreketler nátiyjesi óz sáwleleniwin tabadı. Bul hádiyse reflekciya delinedi. Social psixologiyada «reflekciya» degen háreketlenip atırǵan individti háreket procesi hám de qarım-qatnasta qanday qabıl etiliwi túsiniledi.Adamnıń adam tárepinen qabıl etiliwinde baǵdarlawdıń roli úlken. Bul ásirese belgisiz adam haqqında dáslepki pikirlerin alıwda zárúr. Bul tuwralı A.A.Bodalevtiń ótkergen izertlewleri áhmiyetli. Eki topar talabalarına bir adam súwreti beriledi «Birinshi súwrette berilgen adam jınayatshı dep, ekinshi toparda bolsa súwrettegi adam ullı alım dep aytılıp, olarǵa portretti jazba túrde túsindirip

beriw wazıypası beriledi. Birinshi jaǵdayda tómendegi xarakteristikalar beriledi: kózleriniń ishine kirip ketkeni, ishki dárt, ósh, uzın jol baslaǵan isi, jınayattı aqırına jetkeriw ekenligi aytıladı. Ekinshi toparda ishine kirgen kózler pikirdiń tereńligi haqqında aytılıp, bunda uzın jol qıyınshılıqlarǵa shıdamlılıq sıpatında» bahalanǵan. Qarım-qatnas procesinde adamǵa tásir ótkeriwdiń psixologiyalıq usılları bar bolıp, olarǵa tásirleniw, iymanı kámillik kiredi.

Tásirleniw sanasiz bilmegen, an`lamaǵan túrde individlerdiń háreketi, jaǵdayı bolıp oǵan tań qalıw mısal bola aladı.

Tań qalıw málim bir emocional jaǵday bolıp, ol maǵlıwmattıń jeterli túsinikli emesligi yamasa júdá kópligi nátiyjesinde júzege keledi.[Апресян.5]

Iymanı kámillik  adamnıń óz betinshe pikir júritiw hám bir pikirge keliwi bolıp, bunda maǵlıwmat qabıl etiwshi maǵlıwmat qabıl etip ǵana qalmay oǵan óz pikiri, kóz-qarası hám juwmaqların kiritedi. Iymanı kámillik bul aqılıy tásir, uqtırıw bolsa emocional  tásir etken. Iymanı kámillik ázelden xalqımız ármanı, ruwxıylıqtıń bir bólegi bolıp kelgen. Bul ideya ullı oyshıllar Abu Nasr Farabiy, Áliysher Nawayı sıyaqlı danıshpanlardıń shıǵarmalarında óz sáwleleniwin tapqan. Pedagogikalıq qarım-qatnas–bul pedagogikalıq tásirdiń ajıralmas sıpatı. Bul oqıtıwshı hám oqıwshınıń tálim-tárbiya procesinde professional qarım-qatnası bolıp onda maǵlıwmat almasadı hám oqıwshılarǵa oqıw tárbiyası tásirin ótkeredi. Bunda eki tárepleme qarım-qatnas júzege keliwi kerek. Onıń tiykarı sıpatında óz-ara húrmet hám isenim xızmet etedi.Pedagog oqıwshılar menen qarım-qatnasqa kirisiwi procesinde olardan húrmet kútedi. Oqıwshılar da oqıtıwshıdan húrmet hám isenimdi talap etedi. Bul pedagogikalıq tásirde nátiyjeli jol bolıp, tájriybeli pedagoglar balanı óz-ózin húrmetlewge tiykarlanǵan halda múnásibetlerdi shólkemlestiredi hám usı arqalı bekkem óz-ara múnásibetlerdi ámelge asıradı. Joqarıda aytıp ótilgenindey, qarım-qatnas mádeniyatında sóylew mádeniyatı birinshi orında turadı.Sebebi hár qanday adam qarım-qatnas islep atırǵanda bir-biri menen sáwbetlesiw arqalı bul proceske erise aladı.Qarım-qatnas jasawdıń tuwrı rawajlanıwında shańaraqtıń,ata-ananıń keyin bolsa máhálle,jámiyettiń ornı bólek esaplanadı.Sebebi,bala jas waqtınnan baslap ata-ana menen qarım-qatnas jasay baslaydı.Ata-ana arqalı sóyley baslaydı.Mine,usı waqıttan baslap tárbiyanıń bul túrin durıs shólkemlestire alsaq,ol shaxs keleshekte kámil insan bolıp jetilsedi.

**Ádebiyatlar:**


1. Mahmudov N. “O‘qituvchi nutqi madaniyati”. Toshkent, 2007.33-bet
2. AlimuhamedovA. Antik adabiyot tarixi. T:., 1972.58-bet
3. Qo‘ng‘urov R.,Begmatov E., Tojiyev Y. Nutq madaniyati va uslubiyat asoslari, T:.1992.126-132 betler.
4. Rustamov A. "So‘z xususida so‘z" T:. 2010.65-bet.
5. Апресян Г. Ораторское искусство. М:. 1978.